



Deklarasyon sou dwa viktim agresyon seksyèl yo

Yo te vini ak deklarasyon sou dwa viktim agresyon seksyèl yo an 2019 pou defini pwoteksyon debaz ak dwa fondamantal moun ki siviv yo genyen nan New Jersey.

Kèlkeswa sa yon moun ki siviv chwazi fè apre yon agresyon, li ta dwe konnen dwa l yo garanti, menm si li pa rapòte agresyon an bay otorite yo. Deklarasyon sou dwa viktim agresyon seksyèl yo fè konnen tout moun ki siviv vyolans seksyèl yo gen dwa pou yo trete yo avèk respè ak konpasyon, epi yo gen dwa pou pèsòn pa blame yo pou sa ki pase. Epitou, deklarasyon sou dwa yo afime pèsòn pa ta dwe sijere moun ki siviv yo te fè yon bagay ki te ekspoze yo ak yon risk pou yo agrese yo. *Vyolans seksyèl la pa janm fot moun ki siviv la.*

MEN KI DWA YON MOUN KI SIVIV GENYEN:

- Pou deside si li pral rapòte zak la bay otorite yo.
- Pou pèsòn pa sijere li gen obligasyon pou li rapòte krim nan pou dwa l yo ka garanti.
- Pou pèsòn pa sijere li pa ta dwe rapòte krim nan pou anpeche moun pale de li san l pa vle sa.
- Pou yo trete sa li di sou agresyon seksyèl la seryezman.



Kèlkeswa sa yon moun ki siviv chwazi fè apre yon agresyon, li ta dwe konnen dwa l yo garanti, menm si li pa rapòte agresyon an bay otorite yo.

MOUN KI SIVIV YO GEN DWA POU JWENN ENFÒMASYON SOU EPI GEN AKSÈ NAN:

- Sèvis medikal, konsèy, sante mantal oswa lòt sèvis ki disponib pou viktim agresyon seksyèl yo, kit yo rapòte krim nan bay otorite yo, kit yo pa fè sa.
- Tretman ak antrevi nan yon lang moun ki siviv yo pale fasil.
- Aparèy asistans si yo gen yon andikap.
- Tès pou VIH oswa lòt enfeksyon ki transmèt nan rapò seksyèl, ak asistans pou fòse moun ki te lakòz domaj la fè tès pou konnen si l gen maladi trapan, epi divilge rezilta tès yo.

MOUN KI SIVIV YO GEN DWA POU JWENN ENFÒMASYON SOU EPI GEN AKSÈ NAN:

- **Ranmasaj ak prezèvasyon prèv:** Ranmasaj prèv la se yon pwosesis ki gen yon limit tan byen presi. Li ta dwe fèt nan lespas sèt jou apre agresyon an (oswa jiska nèf jou apre agresyon an nan kèk ka espesyal, si yon enfimiyè egzaminatè mediko-legal detèmine li ka toujou jwenn prèv mediko-legal ki ka sèvi). Moun ki siviv yo kapab mande pou yo ranmase prèv yo, kit yo deside pote plent devan otorite yo, kit yo deside pa fè sa. Yo kenbe tout prèv mediko-legal yo pou yon minimòm 20 lane.* Si moun ki siviv la deside rapòte krim nan bay lapolis, ajans ki responsab pou mennen ankèt sou agresyon seksyèl la dwe ba li enfòmasyon sou tout prèv ki ranmase yo, depi moun ki siviv la mande sa.
- **Dedomajman finansye:** Biwo pou Dedomajman Viktim Krim nan (Victims of Crime Compensation Office, VCCO) bay èd li pou ede viktim yo jwenn dedomajman pou depans yo fè akòz agresyon an, tankou depans ki fèt pou terapi sante mantal, bòdwo medikal, depans pou demenajman oswa pèt revni. Moun ki siviv yo kapab kontakte VCCO nan (877) 658-2221 oswa sou www.NJVictims.org.
- **Sèvis gratis nan men yon ekip repons kont agresyon seksyèl (Sexual Assault Response Team, SART) si moun ki siviv la gen plis pase 13 lane.** Yon SART genyen yon defandè konfidansyèl kont vyolans seksyèl (confidential sexual violence advocate, CSVA), yon ofisyè polis (law enforcement officer, LEO) ak yon enfimiyè egzaminatè mediko-legal (forensic nurse examiner, FNE).
 - CSVA a se yon moun ki travay yon fason ki konfidansyèl pou soutni moun ki siviv la nan kad pwosesis SART la. CSVA a bay moun ki siviv la yon sipò emosyonèl epi li ka ede l konnen ki dwa, opsyon ak resous li genyen.
 - LEO a kapab bay yon asistans ki konplè e ki objektif nan kad yon ankèt penal sou agresyon seksyèl la.
 - Si agresyon an te fèt nan sèt dènye jou ki sot pase yo (oswa jiska nèf jou apre agresyon an nan kèk ka espesyal, depi FNE a detèmine li ka toujou jwenn prèv mediko-legal ki ka sèvi), FNE a kapab satisfè bezwen medikal moun ki siviv la epi itilize yon kit egzamen mediko-legal pou agresyon seksyèl (Sexual Assault Forensic Exam, SAFE) pou jwenn prèv mediko-legal. **Moun ki siviv la kapab chwazi travay avèk youn, de oswa toule twa moun ki fè pati SART la.**

**Apati avril 2024, yo te ogmante peryòd kote yo ka aktive ekip repons kont agresyon seksyèl la (Sexual Assault Response Team, SART) sot nan senk jou rive nan sèt jou apre yon zak vyolans seksyèl fèt. An mas 2023, yo te ogmante peryòd pou konsève prèv mediko-legal yo soti nan senk lane rive nan yon minimòm 20 lane.*

Ou ka jwenn sipò nan men yon **defandè konfidansyèl kont vyolans seksyèl 24 sou 24**. Pou jwenn plis enfòmasyon sou dwa moun ki siviv yo ak sou opsyon yo, oubyen pou pale avèk yon defandè, kontakte **òganizasyon lokal ki bay moun ki viktim zak vyolans seksyèl yo sèvis**.

Si w fè fas ak yon danje imedyà, rele 911.

New Jersey Coalition Against Sexual Assault
www.njcasa.org

Liy asistans ki disponib 24 sou 24 nan tout Eta a:
(800) 601-7200

njcoalition
against sexual assault

REFERANS

Nòm pwokirè jeneral la pou bay viktim agresyon seksyèl yo sèvis. (novanm 2018). Nou jwenn li sou <https://www.nj.gov/oag/newsreleases18/AG-SART-Standards.pdf>

N.J Ct. R. 5:7B. Deklarasyon sou dwa viktim agresyon seksyèl yo. (n.d.). Nou jwen li sou https://www.njleg.state.nj.us/2018/Bills/PL19/103_.PDF

© **New Jersey Coalition Against Sexual Assault 2024**. New Jersey Coalition Against Sexual Assault (NJCASA) se yon òganizasyon ki prezan nan tout Eta a pou defann dwa moun yo e pou ranfòse kapasite yo. Li reprezante sant kriz vyòl k ap travay nan 21 konte New Jersey yo, Biwo pou Prevansyon Vyolans lan ak Asistans Viktim yo nan Rutgers University – New Brunswick, ak plizyè òganizasyon ki adapte ak diferan kilti.